



A n tan yon patisipan nan rechèch, ou gen dwa sila yo:

- Pou yo trete w ak byenveyans e politès.
- Pou yo di w kisa etid la ap eseye jwenn.
- Pou yo di w kisa ki pral rive, ak si nenpòt nan pwosedi yo, medikaman oswa aparèy yo diferan ak sa yo ta va itilize nan swen medikal nòmal.
- Pou yo di w efè segondè oswa malazèz ki posib ki gendwa rive pandan etid la.
- Pou yo di w si ou ka espere nenpòt benefis poutèt ou nan etid la, e si genyen, kisa benefis la ta kapab ye.
- Pou yo di w lòt chwa ou genyen, ak kijan yo ka pètèt pi bon oswa pi mal pase patisipasyon nan etid la.
- Pou yo di w ki kalite tretman ki disponib si nenpòt pwoblèm medikal ta prezante.
- Pou yo pèmèt ou poze nenpòt kesyon konsènan etid la ni anvan ou dakò patisipe, ni pandan etid la ap dewoule.
- Pou yo pa fè ankenn presyon sou ou lè w ap deside si ou vle patisipe nan etid la.
- Pou yo di w nouvo enfòmasyon yo aprann pandan etid la ki kapab gen efè sou sekirite w oswa sou volonte w pou kontinye patisipe nan etid la.
- Pou w refize patisipe nan etid la, oswa pou w chanje lide konsènan patisipasyon nan etid la apre li fin kòmanse. Desizyon sa a p ap gen efè sou swen ou resevwa nan lopital la.
- Pou w resevwa yon kopi fòm konsantman w lan ki siyen.